Ukatsiurwa Teerera Uchizvininipisa

Dhavhidhi naBhati-shebha—Chikamu 2

Mirayiridzo: Ita basa iri uri panzvimbo isina zvinokukanganisa. Paunoverenga magwaro, fungidzira uchinzwa manzwi acho. Edza kufungidzira zviri kuitika. Inzwa manzwi evanhu vari kutaurwa. Iva nemanzwiro evanhu vacho. Nyaya yacho ngaiite sokuti iri kutoitika.
Vanonyanya kutaurwa: Dhavhidhi naNatani
Nyaya yacho muchidimbu: Dhavhidhi aregererwa chivi chake chakakura asi achangofanira kusangana nematambudziko akakura achakonzerwa nechivi chake.

1 FUNGA NEZVENYAYA YACHO.—VERENGA 2 SAMUERI 12:1-24.

Unofunga kuti Natani munhu akaita sei?

Natani paari kutaura muenzaniso wemurume murombo ane gwayana rake unofunga kuti ari kuzvitaura nenzwi rakaita sei?

Natani paanenge ava kutaura zviri kurehwa nomuenzaniso wake muvhesi 7-9 unofunga kuti ava kutaura sei?

2 DZAMISA PFUNGWA.

Chii chingava chakaita kuti Natani atange anyatsofungisisa nezvenyaya iyi asati anotaura naDhavhidhi?

Nemhaka yei Natani akashandisa muenzaniso uyu paaitaura naDhavhidhi?

Kuti Dhavhidhi aone kuti ndiye ane mhosva, Natani akazviita sei uye nei zvaakaita zvakanga zvakanaka panzvimbo pokumumanikidza kubvuma mhosva yake?

Zvinoratidza sokuti Jehovha akakurumidza kukanganwira Dhavhidhi. (*Verengazve vhesi 13.*) Asi zvii zvinoonekwa naJehovha zvatisingakwanisi kuona?

Nei uchifunga kuti matambudziko aizosangana naDhavhidhi nemhaka yechivi chake akanga akamukodzera? (*Verengazve vhesi 10-12, 14.*)

www.jw.org © 2013 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

3 ITA ZVAWADZIDZA.

Nyora zvawadzidza nezve . . .

Kukosha kwokuzvininipisa. _____

_____

Migumisiro yekuita chivi. _____

_____

Ngoni dzaJehovha. _____

_____

4 ZVIBVUNZE KUTI:

Zvii zvandakanga ndaita pandakatsiurwa? _____

_____

Zvii zvandingaita kuti ndiwedzere kuva munhu anobvuma kutsiurwa? _____

_____

Nei zvinganzi kutsiurwa chiratidzo chokuti Jehovha anondida? (ZVINGANGOKUBATSIRA: Verenga VaHebheru 12:5, 6.)

_____

_____

Chidzidzo chipi chinokosha chandawana kubva munyaya iyi, uye nei chichikosha? _____

_____

_____

Zvaungaita: Nyora zvaunofunga kuti zvingadai zvakaitika dai Dhavhidhi akaramba mhosva yake uye akaedza kuda kuranga Natani. Izvi zvingadai zvakaita kuti Jehovha atonge sei Dhavhidhi?

JW .ORG ™

Tora nyaya iyi pawww.jw.org

www.jw.org © 2013 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania